


Nouvo Boustè Bivalan COVID-19 yo:

Sa ou dwe konnen



Tout viris yo chanje apre yon tan, epi sila ki lakòz COVID-19 la ladan tou. Pafwa chanjman sa yo fòme yon nouvo vèsyon viris la, tankou varyant Omicron an. Lè w resevwa boustè ki pi ajou a, sa kapab ede pwoteje w kont nouvo vèsyon viris COVID-19 la epi anpeche w entène lopital, ak lanmò.

Kisa yon boustè bivalan ye epi poukisa li diferan ak lòt boustè yo?

Yo fè boustè mizajou (bivalan) yo pou yo goumen kont viris orijinal la epitou kont varyant Omicron yo. Bivalan annik siyifi vaksen an dirije kont de varyant diferan.

Poukisa mwen ta dwe pran yon lòt vaksen ankò?

Moun ki te pran vaksen boustè bivalan an gen yon risk ki pi piti pou yo entène lopital, ak pou lanmò akòz COVID-19.

Kiyès ki ta dwe pran vaksen boustè mizajou a?

Tout moun ki gen laj 6 mwa oswa plis kalifye pou boustè mizajou a. Li enpòtan sitou pou moun ki gen laj 65 lane oswa plis ak moun ki gen pwoblèm medikal alabaz yo. Laj ak pwoblèm sante alabaz yo ka mete yon moun nan pi gwo risk pou maladi grav, entène lopital, ak pou lanmò.

Si mwen te gen COVID-19 nan 90 jou ki sot pase yo, èske mwen dwe tann pou m resevwa boustè mwen an?

Si w jèn epi w ansante, ou ta ka konsidere pou w tann kèk mwa depi dènye enfeksyon w lan oswa depi dènye vaksen w lan. Moun ki gen pi gwo risk yo ta dwe pran boustè mizajou yo a byen vit dèke yo kalifye pou redui risk pou pwoblèm grav nan maladi COVID-19 la. Ou ka trape COVID-19 la plis pase yon fwa, kidonk li enpòtan pou w pran yon boustè menm si ou te gen COVID-19 deja.

Mwen pi gran pase 65 lane epi mwen gen pwoblèm medikal. Èske boustè mizajou a pwoteje m?

Etid yo te montre, menm avèk plizyè pwoblèm sante alabaz, moun ki gen laj plis pase 65 lane ki te resevwa dòz boustè mizajou a te plis pwoteje jiska 83% pou yo pa entène lopital pase moun ki pa te resevwa boustè bivalan an.

Èske mwen ka melanje ak matche boustè a avèk vaksen mwen te pran anvan yo? Èske gen yon mak boustè ki pi bon?

Tout vaksen ak boustè FDA otorize yo san danje epi yo efikas. Nenpòt moun ki pi gran pase 6 zan ka pran nenpòt mak vaksen pou boustè yo a. Ou pa bezwen itilize menm mak avèk seri primè ou a oswa lòt boustè yo.

Pou plis enfòmasyon vizite:

<https://bit.ly/COVIDboosterPHL>

Janvyè 2023



Department of
Public Health

CITY OF PHILADELPHIA